



Department of
Medicaid

Òganizasyon Swen Jere Ohio Medicaid (Ohio Medicaid's Managed Care Organizations)

Konparezon ant Plan Sante yo

Dènye mizajou: Jen 10, 2024



Òganizasyon Swen Jere Ohio Medicaid (Ohio Medicaid's Managed Care Organizations)

Konparezon ant Plan Sante yo



Tab Matyè

Objektif	3
Kijan ou ka chwazi yon plan sante?.....	3
Definisyon	3
Avantaj sante tout plan yo dwe ofri.....	4
Sèvis ki gen valè ajoute	5
Sèvis dantè	5
Swen vizyon.....	6
Transpò	7
Pwogram sante ak byennèt.....	10
Ankourajman pou ranfòse sante ak byennèt	13
Ankourajman pou sante anvan akouchman ak sante aprè akouchman	17
Aplikasyon oswa sèvis anliy	19
Telesante	21
Liy konsèy medikal 24 sou 24	21
Anèks	22



Òganizasyon Swen Jere Ohio Medicaid (Ohio Medicaid's Managed Care Organizations)

Konparezon ant Plan Sante yo



Objektif

Objektif Konparezon ant Plan Sante Òganizasyon Swen Jere (MCO) Ohio Medicaid la se pou ede w chwazi plan sante ki pi byen adapte ak bezwen w yo. Konparezon ant Plan Sante a bay enfòmasyon sou tout avantaj MCO yo dwe ofri yo. Li bay tou yon lis sèvis ki gen valè ajoute inik pou chak MCO. Pandan w ap reflechi sou chwa w la, pwofite de gid sa a ak lòt resous ki disponib pou ou atravè Liy dirèk pou konsomatè Ohio Medicaid (Ohio Medicaid Consumer Hotline) la.

Avantaj ki detaye nan dokiman sa a kapab chanje pandan ane a. Nou ankouraje w konsilte MCO Ohio Medicaid yo pou jwenn enfòmasyon ki pi resan yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan anèks la.

Ki jan ou ka chwazi yon plan sante?

Vizite pòtay liy dirèk pou konsomatè Ohio Medicaid la sou <https://members.ohiomh.com> kote ou ka konekte epi chwazi yon plan.

Rele Liy Dirèk pou Konsomatè Ohio Medicaid la nan **(800) 324-8680**. Reprezantan yo disponib soti 7 a.m. rive 8 p.m. Soti Lendi rive Vandredi epi 8 a.m. rive 5p.m. nan Samdi. Yo ka bay entèprèt epi reponn kesyon ou yo sou fason pou w chwazi yon MCO.

Definisyon

Depistaj, Dyagnostik ak Tretman Bonè ak Peryodik (EPSDT): Sèvis EPSDT, ke yo rele Healthchek nan Ohio, se yon seri avantaj Medicaid konplè pou moun ki poko gen 21 lane. **Nan kad EPSDT, limit sèvis ki dekri nan dokiman sa a ka depase daprè nesesite medikal ak otorizasyon davans.** Gade Anèks la pou jwenn plis enfòmasyon.

Sèvis ki gen Valè Ajoute: Sèvis MCO bay yo anplis sèvis sante obligatwa tout plan yo dwe ofri yo. Sèvis sa yo pa disponib nan pwogram Pèman pou chak sèvis Medicaid (Medicaid Fee-For-Service) la.

Pwogram Sante ak Byennèt: Pwogram ki la pou bay popilasyon swen espesifik (ti bebe, timoun, elatriye) oswa pou jere yon maladi kwonik (opresyon, dyabèt, elatriye).

Ankourajman pou ranfòse sante ak byennèt: Yon rekonpans pou patisipasyon ak reyalizasyon sèvis espesifik oswa aktivite espesifik MCO presize pou ankouraje sante ak byennèt manm yo.

Aplikasyon oswa Sèvis Anliy: Kapasite pou angaje ak yon MCO nan lòt fason san itilizasyon telefòn, tankou: pòtay manm sou entènèt pou wè reklamasyon yo, enskri nan mezi ankourajman yo, enprime kat idantite, elatriye.

Liy konsèy Enfimyè: Liy konsèy 24 sou 24, ki gen enfimyè ki diplome epi ki anregistre ki ka ede manm yo jwenn swen yo (deside ki swen pèsonèl, swen doktè, oswa swen an ijans ki awopriye), konprann yon pwoblèm medikal oswa dyagnostik resan, prepare kesyon pou yon pwochen randevou medikal aprann plis sou medikaman, ak pi plis.



Organizasyon Swen Jere Ohio Medicaid (Ohio Medicaid's Managed Care Organizations)

Konparezon ant Plan Sante yo



Avantaj sante tout plan yo dwe ofri



- Sèvis lopital pou pasyan ki etène.
- Sèvis lopital pou pasyan ekstèn (sa ki gen ladan sèvis yo bay nan klinik sante nan zòn riral ak sant sante gouvènman federal la rekonèt yo).
- Sèvis doktè.
- Sèvis laboratwa ak radyografi.
- Sèvis tès depistaj, dyagnostik ak tretman pou timoun ki poko gen 21 lane, nan kad Pwogram Depistaj, Dyagnostik ak Tretman (EPSDT) Healthchek Ohio a.
- Vaksinasyon.
- Sèvis ak konsèy sou kontrasepsyon.
- Sèvis sante nan kay ak sèvis enfimyè prive.
- Sèvis Podoloji.
- Sèvis Kiwopratik.
- Glikomet ak bannlèt pou mezire glikoz nan san.
- Sèvis sante konpòtmantal, ki gen ladan tretman pou pwoblèm mantal ak maladi toksikomani (gade anèks la pou plis enfòmasyon).
- Sèvis fizyoterapi, ègoterapi, devlopman, ak ôtofoni.
- Sèvis enfimyè fanm saj, enfimyè pratisyen ki sètifye nan kesyon medsin familyal, ak sèvis enfimyè pratisyen ki sètifye nan pedyatri.
- Ekipman medikal dirab ak founiti medikal.
- Sèvis etablisman enfimyè.
- Sèvis relèv pou timoun ki elijib k ap resevwa Revni Sekirite Siplementè (Supplemental Security Income, SSI).
- Swen Palyatif.
- Telesante.
- Kouvèti pou manman ak ti bebe pandan 12 mwa aprè akouchman an.
- Medikaman sou preskripsyon (gade anèks la pou plis enfòmasyon).

- Sèvis dantè, tankou:
 - Pou manm ki gen 21 lane ak plis - yon netwayaj pou chak ane sivil.
 - Pou manm ki poko gen 21 lane – yon netwayaj chak sis mwa epi aparèy òtodontik, nan ka ekstrèm yo ak otorizasyon davans.
 - Pou manm ki ansent – de netwayaj pou chak ane sivil.
 - Dantye, plombaj, ekstraksyon, kouwòn, sèvis dantè medikal ak chirijikal, ak tretman rasin (daprè nesesite medikal yo).
- Sèvis swen vizyon, tankou:
 - Pou manm ki poko gen 21 lane - yon egzamen ak linèt chak 12 mwa.
 - Pou manm ki gen 21 jiska 59 lane - yon egzamen ak linèt chak 24 mwa.
 - Pou manm ki gen plis pase 60 lane – yon egzamen ak linèt chak 12 mwa.
- Sèvis transpò, tankou:
 - Transpò nesesè nan anbilans oswa komyonèt chèz woulant, san konsidere distans.
 - Transpò ki nesesè nan machin estanda (tankou taksi, machin) lè founisè rezo ki pi pre a lokalize li nan yon distans ki omwen 30 mil.
 - Pou manm OhioRISE yo, transpò nesesè nan machin estanda, san konsidere distans.
 - Si manm nan fin itilize avantaj transpò ki gen valè ajoute a, plan sante a kolabore ak manm nan pou transfere li nan transpò medikal ki pa ijan an (NEMT) nan konte a, si sa posib.



Òganizasyon Swen Jere Ohio Medicaid (Ohio Medicaid's Managed Care Organizations)

Konparezon ant Plan Sante yo



Valè-Ajoute Sèvis

Yo bay sèvis sa yo anplis sèvis dantè ki dekri nan paj kat la

Sèvis dantè

AmeriHealth Caritas Ohio	Anthem	buckeye health plan	CareSource	Humana Healthy Horizons™ in Ohio	MOLINA HEALTHCARE	United Healthcare Community Plan
<ul style="list-style-type: none">Pa gen kopèman pou sèvis dantè yoPou manm ki gen 21 lane oswa plis - yon lòt netwayaj dantè ak egzamen pou chak ane sivil (gen kèk restriksyon ak limit ki aplikab)Pou manm ansent - yon lòt netwayaj dantè pou chak ane sivil	<ul style="list-style-type: none">Pa gen kopèman pou sèvis dantè yoPou manm ki gen 21 lane ak plis - yon lòt netwayaj ak egzamen pou chak ane sivilManm Elijib pou Bezwèn Espesyal yo resevwa yon vizit nan kabinè chak ane, pou yo vin abitye ak netwayaj epi tretman dantè yo.\$25 pou Swen Dantè Preventif (yon sèl pou yon ane) atravè MyHealth PaysPou manm fanmi ki gen timoun jiska 14 lane- pwovizyon pou dantifris chak trimès (kat pa ane)	<ul style="list-style-type: none">Pa gen kopèman pou sèvis dantè yoPou manm ki gen 21 lane ak plis - yon lòt netwayaj ak egzamen pou chak ane sivilIniti dantè mobil pou kominate riral yoPou manm ki gen jiska 20 lane - vèni flyò (fluoride varnish)Pou manm ki gen jiska 20 lane - oksid nitre	<ul style="list-style-type: none">Pa gen kopèman pou sèvis dantè yoYon lòt netwayaj ak egzamen dan chak aneIniti dantè mobil pou kominate riral yoPou manm ki gen jiska 20 lane - vèni flyò (fluoride varnish)Pou manm ki gen jiska 20 lane - oksid nitre	<ul style="list-style-type: none">Pa gen kopèman pou sèvis dantè yoPou manm ki gen 21 lane ak plis - yon netwayaj dantè anplis pou chak ane sivilSèvis anestesi mobil SmileMD pou timoun ak granmoun	<ul style="list-style-type: none">Pa gen kopèman pou sèvis dantè yoAplikasyon mobil dantè entèraktif pou gide manm yo sou sante oral ak byennètPou manm ki gen 21 lane ak plis - yon netwayaj dantè anplis pou chak ane sivilPou manm ki ansent - de netwayaj anplis pou chak ane sivil (jiska twa pou chak ane sivil pandan gwosè la)Pou timoun ki bezwen pwosedi dantè chirijikal - gen sèvis anestesi mobil ki disponibManm ki gen maladi pawodontal ki te benefisyé tretman tat dantè ak planifikasyon radikilè – ka resevwa jiska de sèvis antretyen pawodontal yon fwa chak 12 mwa jiska 24 mwa	<ul style="list-style-type: none">Pa gen kopèman pou sèvis dantè yoDe egzamen ak netwayaj chak ane sivil



Òganizasyon Swen Jere Ohio Medicaid (Ohio Medicaid's Managed Care Organizations)

Konparezon ant Plan Sante yo



Sèvis- Valè Ajoute

Yo bay sèvis sa yo anplis sèvis vizyon ki dekri nan paj kat la

Swen vizyon

AmeriHealth Caritas Ohio	Anthem	buckeye health plan.	CareSource	Humana Healthy Horizons™ in Ohio	MOLINA HEALTHCARE	United Healthcare Community Plan
<ul style="list-style-type: none">Pou manm ki gen 21 jiska 50 lane - yon egzamen je anplis pou chak ane sivil pou dyagnostike dyabèt	<ul style="list-style-type: none">Pa gen kopèman pou sèvis vizyonPou manm ki gen jiska 21 lane - \$100 pou achte ak adapte lantiy kontak oswa linèt pou chak ane sivilPou manm ki gen 21 jiska 59 lane - \$100 pou achte ak adapte lantiy kontak oswa linèt pou chak ane sivil	<ul style="list-style-type: none">Pa gen kopèman pou adilt yo pou egzamen oswa pou linètPou manm ki gen jiska 20 lane ak 60 lane oswa plis - \$50 pou lantiy kontak ak \$50 pou ajisteman lantiy kontak pou chak ane sivilPou manm ki gen 21 jiska 59 lane - \$50 pou lantiy kontak ak \$50 pou ajisteman lantiy kontak chak de lane sivil	<ul style="list-style-type: none">Pou manm ki gen jiska 21 lane - \$100 pou lantiy kontak ak ajisteman lantiy pou chak anePou manm ki gen 21 jiska 59 lane - \$100 pou lantiy kontak ak \$100 pou ajisteman lantiy kontak chak de lanePou manm ki gen dyagnostik dyabèt – tès depistaj espesyal	<ul style="list-style-type: none">Pa gen kopèman pou sèvis vizyonYon egzamen je chak 12 mwaPou manm ki gen 21 jiska 59 lane - jiska \$200 pou yon pè linèt (monti ak lantiy) oswa lantiy kontak pou chak ane sivil (ou pa ka jwenn ni linèt la ak lantiy kontak la nan menm ane sivil la)	<ul style="list-style-type: none">Pa gen kopèman pou sèvis vizyonOpsyon monti "Dis plis dis" la pèmèt ou renonse ak chwa monti estanda a epi chwazi nenpòt montiPou manm ki gen 18 lane ak mwens - yon seri monti ak lantiy yon fwa chak ane, oswa jiska \$150 pou lantiy kontak pou chak ane sivilPou manm ki gen 21 lane ak plis - yon egzamen je ak ranplasman monti ak lantiy chak 12 mwa	<ul style="list-style-type: none">Pa gen kopèman pou sèvis vizyon\$150 pou achte ak adapte lantiy kontak pou chak ane sivilYon egzamen je chak 12 mwaAvantaj \$25 pou monti linèt ak lantiy yon fwa chak 12 mwa (ou ka chwazi lantiy kontak olye de linèt)



Òganizasyon Swen Jere Ohio Medicaid (Ohio Medicaid's Managed Care Organizations)

Konparezon ant Plan Sante yo



Sèvis- Valè Ajoute

Yo bay sèvis sa yo anplis sèvis transpò ki dekri nan paj kat la

Transpò

AmeriHealth Caritas Ohio	Anthem	buckeye health plan	CareSource	Humana Healthy Horizons™ in Ohio	MOLINA HEALTHCARE	United Healthcare Community Plan
<ul style="list-style-type: none">Jiska 30 vwayaj ale-retou oswa 60 vwayaj ale sèlman pou deplasman ki pa deplasman medikal yo, tankou reyinyon travayè sosyal konte yo pou jere kalifikasyon w ak randevou WIC yo, mwens pase 30 mayl pa rapò ak distans kay yon manm pandan chak ane sivilVwayaj siplémente san limit pou chimyoterapi, radyoterapi, dyaliz, oswa randevou anvan ak randevou aprè akouchmanVwayaj san limit pou sèvis medikal pou manm ki itilize yon chèz woulantGen kat pasaj pou bis ki disponib pou manm ki prefere transpò publik yo	<ul style="list-style-type: none">Jiska 30 vwayaj ale-retou oswa 60 vwayaj ale senp pou randevou founisè yo, episri, bank manje, reyinyon travayè sosyal konte yo pou jere kalifikasyon w, kou gwoès, randevou WIC ak plis, ki nan distans mwens pase 30 mayl de kay yon manm.Kat kado Uber pou manm ki elijib pou reponn ak bezwen transpò yo	<ul style="list-style-type: none">Jiska 15 vwayaj ale-retou oswa 30 vwayaj ale senp ki nan yon distans ki mwens pase 30 mayl de kay manm nan pou chak ane sivil pou randevou medikal, sante konpòtmantal, SUD oswa dantè, ak reyinyon travayè sosyal konte yo pou jere kalifikasyon ou, pou soti nan lopital la oswa sal ijans pou randre lakay ou, oswa nan yon famasi aprè yon vizit nan biwo doktèVwayaj san limit pou gwoès ak swen anvan akouchman; vwayaj ki limite ak douz semèn pou vizit aprè akouchman ki nan yon distans ki mwens pase 30 mayl; Randevou WIC; NICU; vizit byennèt pou timoun (ki pokò gen yon lane); ak deplasman paran yo pou ale vizite pitit yo nan yon sant sante konpòtmantal rezidansyèl oswa sant pou pasyan ki entène	<ul style="list-style-type: none">Jiska 30 vwayaj ale-retou oswa 60 vwayaj ale senp ki nan yon distans ki mwens pase 30 mayl de kay manm nan pou vwayaj ki elijib ki pa medikal, tankou reyinyon travayè sosyal konte yo pou jere kalifikasyon w ak WIC. Avantaj yo gen ladan tou randevou ki pa randevou medikal, bank manje, ak episriVwayaj san limit yo disponib pou swen entansif tankou dyaliz, chimyo/radyoterapi, swen blesi, swen anvan akouchman, ak maladi ki lye ak itilizasyon sibstans (SUD)Jiska senk vwayaj ale-retou oswa 10 vwayaj ale sèlman pou kesyon manjeGen deplasman pou vizit maladi ki disponib menm jou a	<ul style="list-style-type: none">Jiska 15 vwayaj ale-retou oswa 30 vwayaj ale senp chak ane ki mwens pase 30 mayl de kay manm nan pou deplasman ki kalifye ki pa deplasman medikal, tankou gwooup sipò sosyal, kou byennèt, WIC, ak randevou SNAP, ak bank manje. Avantaj sa a ofri tou transpò nan kote ki bay avantaj sosyal ak integrasyon kominotè pou manm yo tankou sant kominotè ak katye, pak, sant rekreyasyon, ak legliz.Deplasman san limit pou maladi kwonik ki mande tretman an pèsòn tankou: dyaliz, reyon, chimyoterapi, jesyon dyabèt, swen transplantasyon ògàn, swen blesi, randevou doktè anvan akouchman ak aprè akouchman, ki disponib jiska 12 mwa aprè akouchman	<ul style="list-style-type: none">Jiska 15 vwayaj ale-retou oswa 30 vwayaj ale senp pou ale k soti nan vizit PCP ou, WIC, famasi, oswa lòt founisè swen sante oswa founisè swen sante konpòtmantal k ap patisipe, ak reyinyon travayè sosyal konte yo pou jere kalifikasyon ouVwayaj ilimite pou gwoès, swen anvan akouchman, aprè akouchman, randevou WIC, Inite Swen Entansif Newonatal (NICU) ak vizit byennèt pou timoun ki pokò gen yon laneRanbousman pou depans pou kantite mayl ki disponib pou transpò pou vizite founisè yoTranspò pou resous manje – nan yon bank manje, gadmanje ak episri pou livrezon bò twotwa (sa konte nan vwayaj maksimòm 15 vwayaj ale-retou a oswa 30 vwayaj ale senp yo)	



Òganizasyon Swen Jere Ohio Medicaid (Ohio Medicaid's Managed Care Organizations)

Konparezon ant Plan Sante yo



Transpò

AmeriHealth Caritas® Ohio	Anthem®	buckeye health plan.	CareSource®	Humana Healthy Horizons™ in Ohio	MOLINA® HEALTHCARE	United Healthcare Community Plan
			<ul style="list-style-type: none"> Ranbousman pou depans pou kantite mayl ki disponib pou vwayaj ale sèlman ki nan yon distans ki mwens pase 30 mayl de kay manm nan; pou vwayaj ki pi long yo ou bezwen otorizasyon davans nan men plan an Jiska senk vwayaj ale oswa 10 ale sèlman pou transpò resous manje (bank manje, gadmanje ak episri yo livre bò twotwa) Lòt transpò ka disponib pou manm ki enskri nan pwogram jesyon ka Buckeye a Vwayaj nan Biwo Lojman (Housing Authority) ak entèvyou pou travay – jiska de vwayaj ale-retou chak ane Gen kat pasaj bis ki disponib pou randevou (limit kantite yo defini nan règleman konte yo) 	<ul style="list-style-type: none"> Yo ka ofri pou ranbouse depans pou kantite mayl ou fè pou ale nan randevou Gen kat pasaj bis ki ka disponib pou ale nan randevou epi Lyft ka disponib lè lòt tip transpò pa posib Vwayaj ilimite pou kite lopital, machin ki adapte pou chèz woulant, pou paran yo vizite pitit yo nan Inite Swen Entansif Newonatal (NICU), maladi kwonik, ak plis ankò. Vwayaj pou vizit maladi disponib memm jou a Ranbousman depans pou kantite mayl ak opsyon transpò piblik 	<ul style="list-style-type: none"> Lòt vwayaj ka disponib pou manm ki enskri nan pwogram jesyon ka Humana a, sa ki gen ladan: sèvis BH pou pasyan ekstèn ak rezidansyèl, tretman pou pasyan ekstèn Entansif (IOP), kouvèti pou paran yo vizite pitit yo nan NICU oswa nan etablisman rezidansyèl oswa pasyan ki entène BH. 	<ul style="list-style-type: none"> Planifikasyon fasil pou deplasman ak suivi trajè ak aplikasyon transpò a Kat pasaj bis gratis Vwayaj ilimite ki otorize pou dyaliz, radyoterapi, chimyoterapi, ak transpò pou soti nan lopital ale lakay ou. (Vwayaj sa yo pa konte nan maksimòm vwayaj 15 ale-retou a oswa 30 ale senp) Vwayaj anplis ki otorize pou tip vwayaj swen entansif tankou dyaliz, chimyo/radyoterapi, swen blesi, gwochè, tokzikomani. (Sa a pa konte nan maksimòm vwayaj 15 ale-retou a oswa 30 ale senp)



Òganizasyon Swen Jere Ohio Medicaid (Ohio Medicaid's Managed Care Organizations)

Konparezon ant Plan Sante yo



Transpò

AmeriHealth Caritas Ohio	Anthem	buckeye health plan.	CareSource	Humana Healthy Horizons™ in Ohio	MOLINA HEALTHCARE	United Healthcare Community Plan
		<ul style="list-style-type: none">Lyft disponib lè yon lòt founisè transpò pa kapab reponn ak yon demann transpòTout vwayaj/avantaj ki endike anwo yo se pou yon distans 30 mayl oswa mwens pou ale senp; tout vwayaj ki depase distans sa a nesesite otorizasyon davans nan men Buckeye				



Organizasyon Swen Jere Ohio Medicaid (Ohio Medicaid's Managed Care Organizations)

Konparezon ant Plan Sante yo



Department of
Medicaid

Sèvis- Valè Ajoute

Yo bay sèvis sa yo anplis lòt sèvis sante ak byennèt ki dekri nan paj kat

Pwogram sante ak byennèt

AmeriHealth Caritas Ohio	Anthem	buckeye health plan.	CareSource	Humana Healthy Horizons™ in Ohio	MOLINA HEALTHCARE	United Healthcare Community Plan
<ul style="list-style-type: none"> Aksè ak yon kowòdonatè lojman pou idantifye resous lokal pou lojman ki sekirize epi ki estab Manje kòm medikaman Pou manm ki gen dyabèt - de repa pa jou pou 12 semèn; dwe enskri nan konsèy nitrisyonèl (yon fwa pa ane max) Pou manm ki ansent - de repa chak jou jiska 14 jou; ka genyen jiska kat manm fanmi; dwe gen ensekirite alimantè ki konfime; ka itilize jiska de fwa nan yon peryòd 12 mwa 	<ul style="list-style-type: none"> Navigatè Lojman ak Travay (Housing and Employment Navigator) pou ede w reponn ak bezwen w yo Jiska \$100 pou gadri pou manm ki elijib ki enskri nan yon pwogram sipò travay Repa aprè egzeyat: repa yo bay manm ki elijib yo lakay yo epi ki adapte medikalman Manm ki elijib yo ap kapab resevwa yon òdinatè gratis pou ede yo jwenn travay ak pousuiv etid yo Anthem ap bay jiska 24 èdtan nan sèvis lesyon vityèl patikilye nan tout matyè, tankou atizay langaj, matematik, syans, sèvis sosyal, ak lang etranje Kouvri pri sètifikasyon travay pou manm ki elijib ki enterese jwenn yo 	<ul style="list-style-type: none"> Pwogram pou Sispenn Fimen Pou manm ki gen 13 jiska 18 lane - sa a se Pwogram Sispansyon Vapotaj 10 repa sen, yo livre adomisil aprè yon sejou nan yon lopital oswa nan etablisman swen enfimye pou manm ki elijib yo ki gen yon maladi kwonik Sipò pou edikasyon: <ul style="list-style-type: none"> Tès GED Sipò pou preparasyon SAT ak ACT Ranbousman depans pou Aplikasyon nan inivèsite (jiska \$100 pou manm ki pa elijib kalite pou egzonerasyon frè aplikasyon) Buckeye Works - sipò pou travay pou konekte manm yo ak opòtinite travay ak pakou pwofesyonèl 	<ul style="list-style-type: none"> Pou manm ki gen 14 lane oswa plis - resevwa èd atravè <u>CareSource Life Services</u>®. Yon antrenè lavi sètifye ka bay sipò pou: <ul style="list-style-type: none"> Chache opòtinite travay aplentan, asistans pou aplikasyon travay, fòmasyon pou prepare entèvyou, ak sipò aprè travay (JobConnect™) Asistans manje Èd pou transpò (ki gen ladan sipò anvan ak aprè travay) Resous ak sipò pou lojman Edikasyon ak fòmasyon, ak asistans bidjè 	<ul style="list-style-type: none"> Pou manm ki gen 18 lan oswa plis - jiska \$500 chak ane pou ede ak depans lojman sa yo: Iwaye apatman, peman ipotèk, bòdwo sèvis publik, Iwaye pak trelè, ak depans demenaj atravè yon konpayi demenaj ki gen lisans lè w ap soti nan yon otorite lojman publik. Yo mande apwobasyon plan pou peman sa yo. Manm pa dwe abite nan yon etablisman rezidansyèl oswa retrèt. Pou manm ki gen 14 lane oswa plis, jiska \$50 pou chak trimès (jiska kat fwa nan yon ane) ranbousman depans gadri pou moun k ap pran swen timoun yo k ap chèche travay 	<ul style="list-style-type: none"> Navigatè lojman pou sipòtè manm yo nan lojman ki pa estab, idantifikasiyon opsyon lojman, ak asistans pou aplikasyon pou lojman Pwogram Rechèch Èd Molina (Molina Help Finder) a pou ede jwenn sèvis ki tou pre manm yo, tankou asistans manje ak plis ankò Aksè ak jiska 56 repa ki nitrisyonèlman adapte yo livre w lakay ou pandan kat semèn lè manm yo chanje anviwònman oswa lè gen yon chanjman enpòtan nan eta sante yo. Jiska sis mwa abonman nan Weight Watchers® anliy gratis 	<ul style="list-style-type: none"> Housing Navigator pou bay sipò pandan l ap evalye bezwen lojman ak preferans manm ki gen lojman ki pa estab, idantifye opsyon lojman ki kalifye yo, epi ede nan pwosesis aplikasyon lojman an. Pou manm ki ansent - yo bay manje aprè yo fin kite lopital la pou jiska 14 jou <u>Pwogram</u> Findhelp pou ede w jwenn sèvis ki pre ou. Jwenn asistans manje, èd pou peye bòdwo, ak lòt resous Edikasyon dyabèt pou jere pwòp tèt ou



Òganizasyon Swen Jere Ohio Medicaid (Ohio Medicaid's Managed Care Organizations)

Konparezon ant Plan Sante yo



Pwogram sante ak byennèt

AmeriHealth Caritas Ohio	Anthem	buckeye health plan.	CareSource	Humana Healthy Horizons™ in Ohio	MOLINA® HEALTHCARE	United Healthcare Community Plan
<ul style="list-style-type: none"> Pou manm apre egzeyat yo – yon repa pa jou jiska 14 jou ak ensekirite manje dokimante Pou manm ki gen 18 jiska 64 lane - abònman WW®* (Weight Watchers) gratis pendan sis mwa Antrenè ak koupon pou fè yon egzamen ekivalans nan lekòl segondè gratis Jiska \$75 pou chak timoun pou inifòm lekòl Aksè nan yon randevou sante fizik vityèl ak aksè ak yon founisè nan 15 minit nan pifò ka yo Ekip Sensibilizasyon Entèvansyon Rapid pou ede manm yo jwenn founiti ki nesèsè yo, sipò kominotè ak pran randevou, ak plis ankò 	<ul style="list-style-type: none"> Manm ki elijib yo pral resevwa aksè nan Pwogram Sipò pou Rekiperasyon Twoub Itilizasyon Sibstans, yon platfòm mobil ki bay motivasyon chak jou, enskripsyón, sipò kanmarad, mesaj konseye, rapèl plan swen, objektif, jounal, alèt kote ki gen gwo risk, ak kontni pou sipòte rekiperasyon ki an kou Manm ki elijib yo ap jwenn aksè ak Resous sou Byennèt Emosyonèl (Emotional Well-Being Resources), yon kominate anliy ak epi ki mobil ki fèt pou ede manm yo fè fas ak pwoblèm sante emosyonèl tankou depresyon, anksyete, estrès, ensomni, ak jesyon dwòg oswa alkòl 	<ul style="list-style-type: none"> Buckeye Healthy Homes - pou fanmi ki elijib ki gen Buckeye Timoun ki gen opresyon kwonik pou resevwa materyèl ak founiti pou kay amelyore kalite lè a epi redwi deklanchman opresyon (jiska nivo maksimòm finansman plan anyèl) Buckeye Front Steps – pwogram repa yo livre adomisil nan ka ensekirite alimanterè ak repa aprè egzeyat Mache Mobil ak Klinik Buckeye (Buckeye Mobile Market and Clinic) – Mache mobil ak klinik pou pote fwi ki fre, legitim, ak sèvis swen sante dirèkteman nan kominate lokal yo (jiska nivo maksimòm finansman plan anyèl la) Buckeye Community Connect pou jwenn asistans finansye, gadmanje, swen medikal, ak plis ankò 	<ul style="list-style-type: none"> Gen resous pou sipòte objektif yo ki disponib daprè chak ka Jiska \$500 pou chak fanmi pou sèvis ki pa kouvrí ki lye ak detèminan sosyal ki gen rapò ak sante, transpò, ekipman aksesiblite, medikaman, lojman, sèvis publik, travay, ak aksè ak manje, daprè sikontans endividiyèl yo. WW (ki gen ansyen non li ki se Weight Watchers) - jiska 12 semèn WW nimerik gratis pou manm ki gen yon dyagnostik tansyon wo, dyabèt, oswa obezite (endis mas kòporèl > 30) Pwogram byennèt pou timoun ki santre sou obezite timoun yo <ul style="list-style-type: none"> Pwogram Healthy Body Healthy Me™ pou obezite lakay gramoun 	<ul style="list-style-type: none"> 14 repa yo livre adomisil aprè egzeyat yon pasyan ki entène nan lopital oswa yon etablisman rezidansyèl (Li limite ak kat egzeyat pou yon ane) Pou manm ki gen 16 lane oswa plis – èd pou prepare tès GED Pou manm ki gen 12 lane ak plis - yon pwogram fòmasyon pou jere pwa ak yon pwogram fòmasyon pou sispann fimen ak vapotaj. Aksè nan pwogram HumanaBeginnings™ ki konseye fanm ki ansent yo sou fason pou yo pi byen pran swen tèt yo pandan gwoès yo, epi bay sipò ak konsèy nan men enfimyè anrejistre (registered nurses) ki gen eksperyans nan matènité 	<ul style="list-style-type: none"> Molina Kids' Corner pou fè timoun yo enterese ak kondisyon fizik ak abitid ki sen epi fè yo patisipe nan pwòp swen sante yo Zouti Mpowered by You pou kenbe ou sou bon chimen an Pwogram fòmasyon ak sipò pou travay Molina Member Works Sipò pou dyabèt atravè glikomèt gratis, yo ap livre devan pòt ou Aksè nan Psych Hub, ki se yon bibliyotèk video edikatif sou sante mantal, ak zouti evalyasyon tès depistaj Molina kenbe granmoun ki antre nan laj yo konekte pandan distans sosyal yo atravè yon Pwogram pou Sipòte Lyen Sosyal 	<ul style="list-style-type: none"> Dr. Chat – Konekte ak yon doktè atravè yon aplikasyon mobil Viv ak Travay Byen (Live and Work Well) – Resous manm pou byennèt. Zouti pou sante konpòtmantal, Pwogram Asistans Anplwaye, travay-lavi, oswa avantaj byennèt



Òganizasyon Swen Jere Ohio Medicaid (Ohio Medicaid's Managed Care Organizations)

Konparezon ant Plan Sante yo



Pwogram sante ak byennèt

AmeriHealth Caritas Ohio	Anthem	buckeye health plan.	CareSource	Humana Healthy Horizons™ in Ohio	MOLINA® HEALTHCARE	United Healthcare Community Plan
<ul style="list-style-type: none"> Materyèl edikasyon sante ak zouti entèraktif Sèvis kanmarad ak kanmarad pou edike manm yo sou swen preventif efikas ak navigasyon sistèm sante pandan y ap bay motivasyon ak sipò pou yo aji sou konesans. Ohio Council for Home Care and Hospices' Home Health Aid Training Programing. Fòmasyon sa a pral gratis pou moun nan epi fini fòmasyon an satisfè egzijans CMS ak PASSPORT pou fòmasyon ak edikasyon pou èd Sante Lakay. 	<ul style="list-style-type: none"> Sèvis pou sispann fimen, sa ki gen ladan konsèy sou tabak ak vapotaj ak medikaman FDA apwouye Manm ki elijib yo ap resevwa \$100 pou achte pwodwi yo vann san preskripsyon sou Entènèt oswa nan magazen 			<ul style="list-style-type: none"> Manm ki fè opresyon ki nan pwogram swen oswa jesyon maladi Humana yo ka jwenn jiska \$200 ranbousman chak ane pou kabann san alèjèn, netwayaj tapi, ak/oswa yon pirifikatè lè. 	<ul style="list-style-type: none"> Klas edikatif sou dyabèt pou ede adopte abitid ki sen Amazon Prime pou twa mwa gratis, pou jwenn atik chak jou ak pwodwi sante esansyèl yo livre gratis devan pòt ou 	



Òganizasyon Swen Jere Ohio Medicaid (Ohio Medicaid's Managed Care Organizations)

Konparezon ant Plan Sante yo



Sèvis- Valè Ajoute

Yo bay sèvis sa yo anplis lòt ankourajman pou ranfòse sante ak byennèt ki dekri nan paj kat la

Ankourajman pou ranfòse sante ak byennèt

AmeriHealth Caritas Ohio	Anthem	buckeye health plan.	CareSource	Humana Healthy Horizons™ in Ohio	MOLINA HEALTHCARE	United Healthcare Community Plan
